GID POU YON ENTÈPRATASYON REYISI NAN ABRI POU FANM YO

Si ou se yon fanm ki bezwen pou yo entèprete pou li pandan reyinyon yo, ki bezwen yon moun k ap travay nan abri a oswa ki bezwen yon entèprèt, bwochi sa a kapab itil

	Ou se fanm nan	**Ou se moun k ap travay nan abri**	**Ou se entèprèt la**
ASIRE W OU **RESPEKTE POLITIK KONFIDANSYALITE** KONSÈNAN ENFÒMASYON AK KONVÈSASYON AN	Ou ka jwenn idantite entèprèt la anvan reyinyon an. Nan ka yon konfli enterè, oswa si ou konnen moun nan, ou ka toujou refize sèvis li	Asire w yo respekte konfidansyalite konvèsasyon an epi asire w fanm nan ka bay konsantman li lib e libè ak tout volonte l	Ou ka jwenn idantite fanm nan. Nan ka yon konfli enterè, oswa si ou konnen fanm nan, ou ka toujou refize tradui
KONPRANN **WÒL YOUN LÒT** EPI MANDE NAN KI KONTÈKS **ENTÈVANSYON AN** AP FÈT	Dyalòg la ap fèt ant oumenm ak moun k ap travay nan abri a. Entèprèt la la pou li fasilite kominikasyon an san li pa entèfere nan reyinyon an	Endike nan ki kontèks reyinyon an ap fèt epi mete entèprèt la okouran de nenpòt sitiyasyon ki ka difisil pou tradui	Chèche konnen sitiyasyon fanm nan depi anvan reyinyon an pou w ka prepare tèt ou pi byen posib (adopte bon vokabilè a...)
DI KISA W **BEZWEN**	Santi w lib epi an sekirite pou w pale de sa w bezwen pandan reyinyon an. Pran tan ou epi ale a pwòp ritm ou	Gide entèprèt la pandan reyinyon an pandan w ap asire w fanm nan santi l an sekirite pou l rakonte istwa li ak pale de bezwen l, nan pwòp ritm li	Di si ou bezwen yon ti poz, oswa yon ti tan pou w repete yon lòt fason si sa nesesè pandan tradiksyon an
BAY **KONTÈKS KILTIRÈL** LA SI SA NESESÈ	Ou gen dwa poze kesyon ki gen rapò ak aspè kiltirèl ou panse ki enpòtan pou w poze entèprèt la	Si sa nesesè, mande entèprèt la ak fanm nan pou yo pataje enfòmasyon sou kilti yo, pou ede w pi byen konprann eksperyans ak antouraj fanm nan	Bay moun k ap travay nan abri a presizyon kiltirèl anvan, pandan oswa apre echanj yo si sa sanble nesesè pou konprann eksperyans ak antouraj fanm nan

FÉDÉRATION DES MAISONS D'HÉBERGEMENT POUR FEMMES

Secrétariat à la condition féminine Québec

Ce projet a été financé par le Secrétariat à la condition féminine ©FMHF